

Dokiman C

ST. VINCENT'S MEDICAL CENTER

KALKIL MONTAN YO FAKTIRE ANJENERAL

Koumanse 1ye jiyè 2018

[Itilize fraz sila yo si lopital la ap kalkile sou pousantaj AGB ki agrege.]

St. Vincent's Medical Center kalkile yon pousantaj AGB grasa metòd ki rele "retwospeksyon (look-back)", epi ikonpri frè-pou-sèvis Medicare ansanm ak tout konpayi asirans sante prive ki peye reklamasyon bay Òganizasyon an, konfòmman ak Règleman IRS Seksyon 1.501(r)-5(b)(3), 1.501(r)-5(b)(3)(ii)(B) ak 1.501(r)-5(b)(3)(iii). Detay kalkil sa a ansanm ak pousantaj AGB a dekri piba la a.

Pousantaj AGB pou St. Vincent's Medical Center se nan fason sa:

AGB pou chaj etablisman lopital: 35.8%

AGB pou chaj pwofesyonèl doktè yo: 43%

Pousantaj AGB sa a kalkile konsa: yo divize total montan tout reklamasyon etablisman lopital la pou ijans ak pou lòt swen ki nesèsè medikalman ki otorize selon règ frè-pou-sèvis Medicare a ansanm ak tout konpayi asirans sante prive ki peye reklamasyon bay etablisman lopital la pa total chaj brit ki asosye pou reklamasyon sa yo. Sèl reklamasyon yo itilize pou kapab detèmine AGB an se reklamasyon yon konpayi asirans sante te otorize pandan peryòd 12 mwa ki vin anvan kalkil AGB an (olye pou se reklamasyon ki gen pou wè ak swen yo te bay pandan 12 mwa ki te vini anvan yo).

Malgre kalkil AGB ki endike anlè a, St. Vincent's Medical Center te chwazi pou aplike yon pousantaj AGB ki pi ba nan fason sa:

AGB pou chaj etablisman lopital: 35.8%

AGB pou chaj pwofesyonèl doktè yo: 35.8%